

Donk Ou Vle Pale Sou Sitiyasyon Imigrasyon Meyè Pratik pou Kominikasyon Efikas nan yon Anviwònman Imigrasyon Konplèks



LEGAL KEY
PARTNERSHIP FOR
HEALTH AND JUSTICE

Sitiyasyon imigrasyon souvan fè enpak sou kalifikasyon yon moun pou li travay, abilite pou rezide nan Etazini, aksè ak asirans sante, manje, oswa sipò pou lojman. Epi lwa imigrasyon yo dinamik, konplèks epi yo genyen anpil enpòtans. Fanmi k ap navige sistèm sa yo kapab riske arestasyon, depòtasyon, ak/oswa separasyon fanmi. Pale de sitiyasyon imigrasyon ak pasyan epi kliyan kapab fèt nan yon fason k ap kenbe konfyans. Manm ekip swen yo gendwa gade konsèy sa yo pou fè yon konvèsasyon ki chita sou fòs pou pale sou sijè sansib sa a.

Dokimante Sitiyasyon Imigrasyon yon Moun Sèlman nan Limit Lwa Eta oswa Federal la Egzije sa

Nan Tribinal Imigrasyon, moun ki pa sitwayen yo genyen dwa vi prive limite epi yo gendwa mande prezante nenpòt dokiman medikal devan tribinal. Alòske enstitisyon sante ak swen sosyal yo goumen regilyèman pou pwoteje pasyan ak done kliyan yo, genyen etap ekip swen yo kapab pran pou ofri plis pwoteksyon. Pa egzanp, dokimante ke yon konvèsasyon sou imigrasyon te fèt diferan parapò ak dokimante sitiyasyon aktyèl yon moun ak imigrasyon. Epi tou anvizaje:

- Pafwa sèl enfòmasyon yon manm ekip swen bezwen evalye kalifikasyon pou li se si wi oubyen non yon moun se yon Sitwayen Ameriken, rezidan pèmanan legal (LPR/moun ki gen kat rezidans), oswa “yon lòt bagay.”
- Si w pa konnen ak ki mo pou w sèvi nan nòt ou yo epi òganizasyon w lan pa genyen yon politik/pwotokòl ki santre sou pasyan an, pale ak sipèvizè w la.

Lè w genyen dout, manm ekip swen yo ta dwe toujou chache direktiv dokimantasyon òganizasyon y ap travay ladann yo.

Ofri Kontèks Avan Ou Poze Kesyon sou Sitiyasyon Imigrasyon yon Moun

Kòmanse konvèsasyon an pandan w ap fè moun nan konnen:

- Poukisa w ap poze kesyon sou sa, egzanp, enfòmasyon an pral ede w idantifye resous eta oswa federal posib yo gendwa swete pouswiv.
- Kiyès ki pral resevwa enfòmasyon an (si genyen moun) ak kiyès ki pa pral resevwa enfòmasyon an, egz. ICE (si sa aplikab).
- Ke yo poze tout moun w ap sèvi yo menm kesyon an pou ede yo evalye pou ki avantaj yo kalifye, men yo p ap ofri swen sa a si yo chwazi pa reponn kesyon sa a.

Fè moun nan konnen pa gen pwoblèm pou yo pa pataje enfòmasyon yo pa alèz pou pataje! Ofri resous ak enfòmasyon ki genyen rapò ak kalifikasyon si yon moun te mande sa, oswa te montre enterè pou resous la.

Lwa Imigrasyon ak Politik Chanjman K ap Kontinye

Sitiyasyon imigrasyon se yon konvèsasyon difisil pou anpil moun ak fanmi. Lwa ak politik imigrasyon yo chanje souvan, sa ki mande pou ekip swen yo kontinye devlope konfyans ak pasyan ansanm ak kliyan yo ki pa sitwayen. Krentif rezonab separasyon ant yon moun ak moun li renmen gendwa fè li pa twò chofo pou pataje enfòmasyon nesèsè pou yon evalyasyon avantaj.

Montre w pasyan ak fanmi yo epi kontinye devlope konfyans, pou sa tan, bay fanmi yo espas pou yo pran desizyon sou sante yo, epi kite liy kominikasyon an ouvri.

- Asire w pou w kenbe enfòmasyon pou yo kontakte w yo ajou pou fasilite fanmi an kontakte w chak jou.
- Fè moun yo konfyans kòm ekspè pwòp lavi yo epi pa janm ranplase pwòp jijman w ak pa yo.